

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun hubungan déiksis lokatif jeung antésédén dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF. Aya tilu anu bisa dicindekkeun tina ieu panalungtikan, nyaéta wujud déiksis lokatif, wanda déiksis lokatif, posisi antésédén nu diacu ku déiksis lokatif, jeung hubungan déiksis lokatif jeung antésédén.

Jumlah data déiksis lokatif dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* kapanggih aya 12 data déiksis lokatif nu ngawujud déiksis lokatif *di dinya* 5 (11,36%), *di dieu* 8 (18,18%), *di ditu* 2 (4,45%), *ka dinya* 2 (4,45%), *ka dieu* 5 (11,36%), *handapeun* 3 (6,81%), *gigireun* 8 (18,18%), *di gigireunana* 1 (2,27%), *hareupeun* 5 (11,36%), *hareupeunana* 3 (6,81%), *ka tukang* 1 (2,27%), jeung *lebah dinya* 1 (2,27%) anu frékuénsi makéna aya 44 kalimah.

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan hubungan déiksis lokatif jeung antésédén dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF, bisa dititénan di handap ieu.

Dumasar kana wanda déiksis lokatif kabagi jadi dua nyaéta déiksis éndoforis jeung déiksis éksoforis. Dina ieu panalungtikan kapanggih aya 11 data nu ngawujud déiksis lokatif *gigireun*, *kadieu*, *hareupeunana*, *hareupeun*, *handapeun*, *lebah dinya*, *ka tukang*, *di ditu*, *di gigireunana*, *di dieu*, *ka dinya* anu frékuénsi makéna aya 28 kalimah nu kagolong kana déiksis éndoforis, sedengkeun nu kagolong kana data déiksis éksoforis aya 6 data nu ngawujud déiksis lokatif *di dinya*, *di dieu*, *hareupeun*, *gigireun*, *ka dinya*, *ka dieu* anu frékuénsi makéna aya 16 kalimah.

Dumasar kana posisi antésédén nu di acu ku déiksis lokatif kabagi jadi dua nyaéta déiksis anaforis jeung déiksis kataforis. Dina déiksis anaforis kapaluruh aya 9 data nu ngawujud déiksis lokatif *di dinya*, *di dieu*, *ka dieu*, *hareupeun*, *hareupeunana*, *gigireun*, *di ditu*, *ka dinya*, jeung *ka tukang* anu frékuénsi makéna

aya 24 kalimah. Sedengkeun nu kagolong kana déiksis kataforis kapaluruh aya 9 data nu ngawujud déiksis lokatif *hareupeun, gigireun, ka dieu, di dinya, hareupeunana, handapeun, lebah dinya, di gigireunana, jeung di dieu*, anu frékuénsi makéna aya 20 kalimah.

Dumasar kana hubungan déiksis lokatif jeung antésédénna kabagi jadi dua nyaéta déiksis lokatif intra paragraf jeung déiksis lokatif ékstra paragraf. Dina déiksis lokatif intra paragraf kabagi deui jadi dua nyaéta déiksis lokatif intrakalimah jeung ékstrakalimah. Data nu kagolong kana déiksis lokatif intra paragraf kapaluruh aya 30 kalimah sedengkeun data nu kagolong kana déiksis lokatif ékstra paragraf aya 14 kalimah.

5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh hususna dina widang pragmatik utamana ngeunaan déiksis atawa unsur panuduh. Pangna dina kahirupan sapopoé sadar teu sadar nalika komunikasi jeung papada manusa téh leupas tina ngagunakeun kekecapan nu kaasup kana kekecapan déiksis. Kitu deui dina wangun karya sastra. Ku kituna, maham kana kekecapan déiksis téh kawilang penting pisan, sangkan pesen anu rék ditepikeun téh kaharti.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, ieu panalungtikan sakur nalungtik anu kaasup kana déiksis lokatif anu aya dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF ditambahan ku hubungan déiksis lokatif jeung antésédénna. Panalungtik miharep, sangkan aya sumber tinulis ngeunaan antésédén. Lian ti éta, dipiharep objék panalungtikan nu rék dipedar teu ngan sawates nganalisis novél atawa carpon hungkul. Ku kituna, dipiharep aya lajuning laku kana ieu panalungtikan sangkan pangaweruh ngeunaan déiksis ieu bisa leuwih jembar deui.